

Planifikasyon Vizit Ou a

Jwenn tout enfòmasyon ou bezwen pou prepare w pou randevou k ap vini an.

- [Itilizasyon Mask](#)
- [Règleman Vizitè yo](#)
- [Konsènan Boston](#)
- [Otobis](#)

Tanpri sonje ke politik tès depistaj ak mete mask nou yo ap chanje 12 me 2023, apre fen Ijans Sante Piblik COVID-19 la.

Si w gen yon randevou an pèsòn k ap vini, tanpri revize enfòmasyon ki anba a sou sa pou w atann ak fè anvan ak jou randevou w la.

Randevou an pèsòn yo enkli vizit nan yon founisè swen prensipal, pedyat, espesyalis, terapis fizik, ak lòt travayè lasante ki wè pasyan nan yon klinik. Sa enkli tou pran san w oswa fè yon tès imaj (tankou yon radyografi, eskanè CT, oswa MRI).

Anvan randevou w la

Apati 12 me 2023: Tanpri kontakte biwo a anvan yon randevou an pèsòn si:

1. Ou devlope nenpòt nan sentòm sa yo:
 - Lafyèv oswa frison
 - Tous, konjesyon, oswa nen k ap koule
 - Vomisman oswa dyare
 - Nouvo gratèl sou po (ak lafyèv)

OSWA

2. Yo dyagnostike w ak oswa ekspoze a COVID-19 nan 10 jou anvan yon randevou.

Ekip swen ou an ap bay enstriksyon sou pi bon pwochen etap yo. Yo ka rekòmande plis evalyasyon anvan randevou w la.

Rapèl randevou

Ou ka resevwa yon apèl telefòn, mesaj tèks, ak/oswa yon mesaj nan pòtal pasyan nou an, [Mass General Brigham Patient Gateway](#), jiska sèt jou anvan randevou w la. Ou ka wè detay randevou a nan Patient Gateway.

[Konekte sou Patient Gateway](#)

[Enskri nan Patient Gateway](#)

Ekonomize tan nan jou vizit ou a lè w aktyalize enfòmasyon enpòtan yo atravè eCheck-in Patient Gateway la ki bon pou sa. Pa egzanp, ou ka revize enfòmasyon sou asirans ou, ranpli kesyonè ki gen rapò ak vizit ou a, epi peye ko-peman sou Entènèt. eCheck-in ap disponib sèt jou anvan randevou w la.

[Aprann plis sou Patient Gateway ak eCheck-in](#)

Si w pa déjà enskri, tanpri [enskri pou Patient Gateway](#).

Jou randevou

Gid pou Mask

Viris respiratwa ki nan kominate nou an gen plizyè semèn depi l ap diminye. Kounye a nou tounen nan yon nivo pwopagasyon ki pi lejè/modere. Nan nivo sa a, anplwaye Mass General Brigham yo pa bezwen mete kachnen lè y ap pale dirèkteman ak pasyan yo nan zòn klinik yo ankò.

Li [FAQ sou maskaj la](#)

Règleman vizitè yo

Nou konnen ki jan vizitè yo ak moun ki bay sipò yo enpòtan pou sante w ak byennèt ou. Yon vizitè oswa yon moun ki bay sipò gen dwa nan zòn swen klinik pou pasyan ekstèn. Tanpri sonje ke nan kèk sitiyasyon, nou ka bezwen limite vizitè yo pou asire sekirite pasyan yo ak anplwaye yo.

[Li politik vizitè yo](#)

Nan jou randevou ou a, tanpri fè anplwaye resepsyon an konnen lè ou rive, menm si ou te konplete etap eCheck-In yo.

Mizajou 5 me 2023